

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan ngeunaan *Média Puzzle dina Pangajaran Nulis Sisindiran Kelas VIII H SMP Negeri 5 Bandung*, bisa dicindekkeun saperti ieu di handap:

- 1) Kamampuh nulis sisindiran siswa kelas VIII H SMP Negeri 5 Bandung saméméh maké média *puzzle* nya éta 13,33 % siswa mampuh, jeung 86,67 % siswa can mampuh nulis sisindiran;
- 2) Kamampuh nulis sisindiran siswa kelas VIII H SMP Negeri 5 Bandung sanggeus maké média *puzzle* nya éta 80 % siswa mampuh, jeung 20 % siswa can mampuh nulis sisindiran;
- 3) Dumasar kana hasil $t_{itung} 15,32 < t_{tabel} 2,46$ bisa dicindeukkeun yén aya béda anu signifikan antara hasil pratés jeung pascatéés, saméméh jeung sanggeus ngalaksanakeun “*treatment*” maké média *puzzle*. Hal ieu ngandung harti yén *Média Puzzle* bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa SMP Negeri 5 Bandung dina nulis sisindiran.

5.2 Saran

Sanggeus dilaksanakeun panalungtikan ngeunaan *Média Puzzle dina Pangajaran Nulis Sisindiran Kelas VIII H SMP Negeri 5 Bandung*, aya sababaraha hal anu baris disarankeun sangkan ieu panalungtikan aya mangpaatna ka pihak sakola, di antarana:

- 1) Sangkan hasil diajar nulis sisindiran leuwih hadé, guru bisa ngagunakeun média *puzzle*;
- 2) *Média puzzle* tétéla geus bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis sisindiran siswa, Ku kituna ieu média bisa ogé dipaké ku guru mata pelajaran séjén pikeun ngaronjatkeun kompetensi pangajaran nulis lianna;

- 3) Sangkan hasil diajar maké média *puzzle* téh ngaronjat, sacara tioritis, dipiharep guru bisa maké léngkah-léngkah ngagunakeun média *puzzle* nu aya dina ieu panalungtikan.

